

Pou Piblikasyon Imedya: 07/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO FELISITE GAYAN "NEW YORK WINE CLASSIC" POU ANE
2019 LA**

34yèm konpetisyon anyèl la mete anfas sou diven premye klas New York yo

Akòde Koup Gouvènè a bay Six Mile Creek Vineyard

Nonmen Wagner Vineyards kòm viyòb ane a

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse gayan nan 34yèm "New York Wine Classic" anyèl la, yon konpetisyon ki nasyonalman rekoni ki òganize atravè Fondasyon Diven ak Rezen New York (New York Wine & Grape Foundation) ki souliye meyè diven nan New York. Ane sa, Koup Gouvènè a (Governor's Cup), ki se prim ke yo pi estime a ke yo te bay nan Classic lan, te atribiye bay Cabernet Franc 2016 nan men Six Mile Creek Vineyard ki soti nan rejyon Finger Lakes lan. Anplis, Wagner Vineyards ki soti nan rejyon Finger Lakes lan te resevwa prim "Eksplwatasyon Vitikòl Ane a". Prim Chanpyon Diven Espesyalize a, ki rezève pou diven ki fèt ak fri oubyen idwomèl, te akòde a Viyòb Johnson Estate pou diven fri Passionate Peach (Pèch Pasyone).

"Gayan New York Wine Classic (Klasik Diven New York) reprezante meyè viyòb New York epi nou pap ka souzestime inovasyon ak pwodiksyon wo kalite ki ale nan prepare diven ki ranpòte prim sa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York fyè pou l sipòte eksplwatasyon vitikòl ak pwodiktè rezen sa yo pou reyalizasyon yo, epi yo rete yon eleman vital pou endistri touris ak agrikòl nou yo nan New York. Nou eksite pou n akeyi fanatik diven toupatou nan Eta New York pou yo ka eksperimante diven nou yo pou pwòp tèt yo."

"New York se lakay kèk nan pi bon eksplwatasyon vitikòl, epi konpetisyon New York Wine Classic la mete aksan sou gwo bwason pwodiktè lokal nou yo gen pou ofri", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Atravè envestisman eta a nan endistri an, nou angaje pou n asire pwodiktè yo ak eksplwatasyon vitikòl yo gen sipò pou ka kontinye devlope epi reyisi."

Koup Gouvènè a, yon gwo kalis an ajan, rekonèt "Meyè nan Prezantasyon" oubyen premye pri nan tout antre yo nan New York Wine Classic la. Yo prezante prim "Eksplwatasyon Vitikòl Ane a" bay eksplwatasyon vitikòl ki gen meyè prezantasyon global ki baze sou nivo ak kantite prim an relasyon ak antre yo. Gayan Koup Gouvènè a ak Eksplwatasyon Vitikòl Ane a pral resevwa prim yo nan yon evenman espesyal pita nan ete a.

Yo rekonèt li kòm "Oska" nan konpetisyon diven nan New York, New York Wine Classic la rete ouvri a plis pase 458 eksplwatasyon vitikòl atravè eta. Konpetisyon

diven an te fèt nan twa dènye jou nan Watkins Glen, NY epi li te enkli 883 antre ki soti nan 113 eksplwatasyon vitikòl atravè eta a. Yon total meday 31 Doub Lò, 56 Lò, 287 Ajan, ak 320 Bwonz.te akòde atravè yon gwoup ki gen plis pase 20 jij ekspè ki soti toupatou nan eta a ak monn lan.

Samuel Filler, Direktè Egzekitif Fondasyon Diven ak Rezen New York, di konsa, "New York Wine Classic se youn nan pi gwo evenman anyèl ki onore meyè Diven New York. Nou eksite akoz patisipasyon an ane sa a. Klasik la ak evenman anyèl NY Drinks NY (NY Bwè NY) nou an kontinye ede New York briye kòm yon rejyon diven ki vrèman eksitan ak inovan".

Gouvènè a te anonse tou venkè "Pi Bon Kategori" ak "Pi Bon Klas" sa yo pou diven:

Gayan "Pi Bon Kategori" yo:

Pi bon Diven Petiyan

Harbes Vineyard, Blanc de Blancs

Pi bon Diven Blan

Wagner Vineyards, Riesling Sèk 2017, Kiltive nan Pwopriyete a

Pi Bon Diven Roze

Coffee Pot Cellars, Rosé 2018

Pi bon Diven wouj

Six Mile Creek Vineyard, Cabernet Franc 2016

Pi bon Diven Desè

Vineyard View Winery, Ice Wine 2017

Prim "Pi Bon Klas" yo te ale jwenn diven Doub Meday Lò oubyen meday Lò nan kategori sèt diven omwen:

Pi bon Oaked Chardonnay

Lieb Cellars, Chardonnay 2018

Pi bon Unoaked Chardonnay

Toro Run Winery, Chardonnay 2018, Kiltive sou Pwopriyete a

Pi Bon Chardonnay Anjeneral

Lieb Cellars, Chardonnay 2018

Pi Bon Gewurztraminer

Sheldrake Point Winery, Gewurztraminer 2017, Kiltive sou Pwopriyete a

Pi Bon Riesling Sèk

Wagner Vineyards, Riesling Sèk 2017, Kiltive nan Pwopriyete a

Pi bon Riesling sèk mwayen

Baiting Hollow Farm Vineyard, Riesling 2015

Pi bon Riesling dous mwayen
Anthony Road Wine Company 2015 Riesling

Pi bon Riesling anjeneral
Wagner Vineyards, Riesling Sèk 2017, Kiltive nan Pwopriyete a

Pi bon Pinot Grigio Gris
The Lenz Winery, Pinot Gris 2015

Pi bon Sauvignon Blanc
Hosmer Winery, Sauvignon Blanc 2018

Pi Bon Lòt Sepaj Blan Ibrid
Deer Run Winery, Aromella

Pi Bon Lòt Sepaj Blan Natif
Lakewood Vineyards, Niagara 2018

Pi Bon Roze
Coffee Pot Cellars, Rosé 2018

Pi Bon Cabernet Sauvignon
The Lenz Winery, Cabernet Sauvignon 2013

Pi bon Merlot
Clovis Point, 2015 Vintners Select Merlot

Pi bon Cabernet Franc
Six Mile Creek Vineyard, Cabernet Franc 2016

Pi Bon Marquette
Victory View Vineyard, Independence 2015

Pi Bon Syrah
Harbes Vineyard, Syrah 2015

Pi Bon Vinifera Blend Wouj
Osprey's Dominion Vineyards, Flight Meritage 2013, Kiltive sou Pwopriyete a

Pi Bon Lòt Sepaj Vinifera Wouj
Clovis Point, Petit Verdot 2017

Pi Bon Lòt Sepaj Vinifera Wouj
Vizcarra Vineyards nan Becker Farms, Quaker Red Rougeon 2018

Pi Bon Melanj Wouj (Ki pa Vinifera)
Montezuma Winery, NV Canvasback Red

Pi Bon Diven Late Harvest (Vandanj Tadif)
Colloca Estate Winery, Dolce Riesling Lake Effect Vineyard 2017 ®

Pi bon diven glas
Vineyard View Winery, Ice Wine (Diven Glas) 2017

Pi Bon Petiyan Metòd Tradisyonèl
Harbes Vineyard, Blanc de Blancs

Pi Bon Petiyan Metòd Kabonatasyon Fòse
Tug Hill Vineyards, Bubbly Blush 2018

Pi Bon Diven Fòtifye
Anyela's Vineyards, Final Approach (Apwòch Final) 2009

Pi Bon Diven A Baz Fwi
Johnson Estate Winery LLC, Passionate Peach

Komisè Agrikilti ak Mache Eta New York la (New York State Agriculture and Markets), Richard A. Ball, te deklare, "Felisitasyon a tout gayan ak patisipan nan New York Wine Classic. Konpetisyon anyèl estime sa a mete limyè sou kantite grandisan eksplwatasyon vitikòl premye klas Eta a ak kominote agrikòl nou an ki pwodwi engredyan yo itilize pou kreye sepaj inik sa yo. Sipò Gouvènè Cuomo pou endistri diven nou an te pèmèt pwodiksyon kontini pou kèk nan meyè pwodwi ki disponib jodi a nan mache a".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development, Howard Zemsky, te deklare, "Diven ak eksplwatasyon vitikòl premye klas Eta New York yo rete pafè pou vizitè k ap chache planifye yon detant bwason atizanal epi obsève dirèkteman kijan endistri an ekspansyon sa a ap kreye travay epi sipòte ekonomi rejyonal. Felisitasyon pou tout gayan ane sa a".

Prezidan Otorite Likè Eta New York (New York State Liquor Authority), Vincent Bradley, te deklare, "Konpetisyon New York Wine Classic la kontinye demontre angajman kontini Gouvènè Cuomo pou sipòte ak pwomouvwa endistri diven pwospè New York la. Mwen felisite tout gayan jodi yo, ki ap pwodwi diven premye klas epi jenere yon enpak ekonomik konsiderab nan kominote atravè eta nou an".

Pwopriyetè Six Mile Creek Vineyard Mark Renodin te deklare, "Nou menm isit la nan Six Mile Creek Vineyard santi nou onore anpil paske nou ranpòte Koupe Gouvènè a. Lè madanm mwen Amy ak mwen menm te achte Six Mile Creek sa fè kat ane se te ak yon pasyon pou diven ak rejyon Finger Lakes la anjeneral. Pou nou sa a se yon rekonesans objektif nou pou n pwodwi bon diven. Nou vle remèsye vitikiltè nou an, Paul King, ak tout estaf nou an ki te ede rann sa posib".

Pwopriyetè Wagner Creek Vineyard John Wagner te deklare, "Nou ekstrèman fyè pou n resevwa onè Eksplwatasyon Vitikòl Ane a nan New York Wine Classic ane sa a.

Ekip nou nan te travay san fatige pou atenn ekselans pou 40 ane kounye a - sa a se yon bèl fason pou tèmine yon sezon selebrasyon nan Wagner Vineyards"!

Yon lis konplè rezilta yo nan Classic 2019 lan disponib [isit la](#).

Depi li monte sou pouvwa, Gouvènè Cuomo alatèt efò pou devlope endistri bwason atizanal New York la, epitou li trase chemen pou yon kwasans san parèy gras a nouvo lejislasyon, refòm regilatwa, inisyativ san presedan ak kanpay pwomosyonèl. Jodi a, genyen 458 eksplwatasyon vitikòl ki gen lisans atravè Eta a, ki gen pami yo 361 fèm eksplwatasyon vitikòl.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)